С19г
Ө-33

ӘБДИРАМАН ӨТЕПОВ

аб 2004г 06

# ТЕҢИН ТАПҚАН ҚЫЗ

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"

КК—2 Өтепов Ә. Теңин тапқан қыз: Пьеса,—Нөкис:
Ө—33 Қарақалпақстан, 1995, 36 бет.

Әбдираман Өтеповтың Қарақалпақ драматургиясына қосқан үлеси салмақлы. Оның драмалық шығармалары мектеп оқыўшыларының сабақлықларынан да кең орын алған. Әсиресе, Ә. Өтеповтың «Теңин тапқан қыз» пьесасы ўақтында халқымыз тәрепинен жоқары баҳаланған еди.

Биз усы пьесаны талантлы драматургтың 90 жыллық юбилейи мүнәсибети менен өз алдына китап етип қайта басып шығарыўды мақул көрдик.

234656
Республикалық балалар китапханасы

10227
MA'LIMLEME RESURS ORAYI

Ө $\frac{4702270204-220}{М-357(04)-95}$ 56—95

ISBN—5—8272—1606—2

хр 10.

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1965.
© «Қарақалпақстан баспасы, 1995

## ҚИРИС СӨЗ

Әбдираман Өтепов Қоңыратта 1905-жылы туўылды. Оның әкеси Өтеп хожа 1900-жылдан баслап жеке саўда ислеў менен шуғылланатуғын еди.

1906-жылы бир қанша себеплерге байланыслы Әбдираман Өтеповтың әкеси Қоңырат қаласындағы мәканын таслап өзиниң еки иниси менен Арал теңизиниң шығыс жағасына жақын жердеги Қосжап деген жерге көшип келеди. Бул ўақытта Әбдираман еле бир жасқа да шықпаған бала еди. Бул жердеги қарақалпақлар дийханшылық, малшарўашылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланған.

Әбдираман Өтепов жас басынан баслап, жергиликли халықлардың турмысы, үрип-әдети, бақсы ҳәм қыссаханлардың, жуўабый қыз ҳәм жигитлердиң, лақкыларлардың искусствосы менен толық таныс болғанлығы анық.

Бақсы ҳәм жыраўлар арқалы ол қарақалпақ халық дәстанларының, халық қосықларының барлық түрлери менен ҳәм түркмен, қазақ, өзбек, қарақалпақ әдебиятының классиклери болған Мақтымқулы, Абай, Наўайы, Жийен, Күнхожа, Әжинияз ҳәм Бердақтың шығармалары менен кеңнен танысады. Әбдираман Өтеповтың әдебиятқа қызығыўшылығын арттырыўда заманлас болған аға халық шайырлары Аяпберген Мууса улы, (1883—1936), Құлмурат Қурбаналы улы (1860—1928), ҳәм басқа да белгили адамлар үлкен рол ойнайды. Себеби олардың шығармалары сол әтирaптағы ел-елатлардың барлық отырыспаларында, тойларында айтылып, жүретуғын еди. Әбдираман Өтепов олардың қосықларын Хожамурат Зууўлабий ҳәм Жумамурат Зууўлабий, Досберген Бекбаўлы улы, Қамал Әбий улы, Султамурат

Алланазар улы усаған қыссаханлардың сондай-ақ авторлардың тиллеринен жийи-жийи еситип турды.

1927-жылдың сентябринде Әбдираман Өтепов Төрткүлге келип, аўыл кеңес баслықларын таярлаў бойынша үш айлық курске кирип оқыйды. Курста оқып жүрген ўақытларында миллий труппа менен тығыз байланыс жасап турады. Рус, татар, өзбек, қазақ театр дөгереклери жумыслары менен, сондай-ақ аўыл хожалық техникумындағы, партия мектебиндеги миллий ҳәўескерлер дөгерегиниң жумыслары менен де жақыннан танысады. Булардың барлығы да ол гезлерде базардан бир күн бурын ҳәм базар күнлери қалалық клубда гезеклесип, мийнеткешлерге концерт ҳәм спектакльлер қойып берип турыўға әдетленген еди.

Бирқанша ўақытлардан кейин Әбдираман Өтепов бул дөгереклердиң тамашагөйи болып қалмастан олардың белсене қатнасыўшысы да болады. Педагогикалық техникум жанындағы «Таң нуры» труппасына қосылып оның репертуарына бурынғы өзиниң Қоңыратта жазған «Жездежан», «Зиндан» деген шығармаларын киргизеди. Соның менен бирге өзи де сахнаға шығып көплеген спектакльлердиң күлкили роллеринде ойнады, концертлердиң көплеген номерлерин атқарды.

Биринши күннен баслап-ақ оның драмалық шығармалары ҳәм актерлық хызмети зор табысқа ерисип, Төрткүл жәмийетшилигиниң дыққатын өзине аўдарады.

Әбдираман Өтепов миллий труппаның жумысы менен қатты қызығып, оның репертуары ушын жаңа шығармалар дөретиў үстинде ислейди. Усы мақсет пенен ол 1927-жылы өзиниң Көшеге шықсам», «Қум гелле», деген шығармаларын дөретеди ҳәм өзиниң бурын жазылған «Шәлеке бай» атлы пьесасын үш актқа көбейтип қайтадан жазады.

1920-жылдың аяғында Қоңыратта жергиликли жаслардан ҳәўескерлер дөгереги шөлкемлестириледи.

Информатор Қуўат Сейтниязовтың хабарлаўына қарағанда бул дөгерек қурамы он сегиз адамнан ибарат болып, оны Қоңырат округлик халық билимлендириў бөлиминиң баслығы Сейфулғәбит Мәжитов басқарады.

Әбдираман Өтепов дәслеп дөгеректиң жай ағзасы болып қатнасады, соң, 1922-жылдан баслап усы қалалық ҳәўескерлер дөгерегине басшы етип тайынланады.

Өзиниң пүткил өмирин қарақалпақ халқының театр мәдениятына арнаған Әбдираман Өтеповтың театр майданындағы басшылық хызмети мине усылай басланады.

Әбдираман Өтепов усы Қоңырат дөгерегине басшылық етиўден баслап шығармалар жазыўға да кириседи.

1922-жылы ол өзи басқарған дөгерек ушын «Зиндан», «Жездежан» атлы инсценировкалар дөретеди. Ал 1923-1924 жылларда «Алтынгүл», «Кетсең неттим», «Таза қоңыс» усаған бир неше инсценировкаларды жазады.

Областьлық миллий труппа шөлкемлестириў жумысын күтә қысқа ўақыт ишинде табыслы шешиў мақсетинде Әбдираман Өтепов Педагогикалық техникум, Аўылхожалық техникумы ҳәм партия мектеби жанындағы театр дөгерегиниң ең жақсы, талантлы жаслардан «Таң нуры» труппасының қурамы дүзеди. Областьлық халық билимлендириў бөлиминиң 1927-жылғы 15-декабрьдеги №46 буйрығы менен Әбдираман Өтепов усы миллий труппаның басқарыўшысы болып тайынланады.

Өзиниң әрман еткен мақсетлериниң жеңислери менен рухланған Әбдираман Өтепов бул ўақытта өзиниң барлық күш-қуўатын, шөлкемлестириўшилик уқыбын аямастан иске жумсайды. Сөйтип ол 1927-1928-оқыў жылының қысында төрт ири пьесаны, яғный С. Мәжитовтың еки серииялы «Ерназар алакөз» Қ. Әўезовтың бес актлы «Тилек жолында», Ә. Өтеповтың үш актлы «Шәлеке бай» пьесаларының қайта исленген вариантларын ҳәм С. Мәжитовтың «Жигит болдық» атлы пьесасын сахналастырады. Бул төрт спектакльден басқа ол қарақалпақ халық шайырларының жас жазыўшыларының көплеген қосықларын киргизип, үлкен концерт программасын ислеп шығады. Ол труппа жәмәәт арасында сиясий-ағартыў жумысларын күшейтеди, ири жазыўшыларды, драматургларды, ҳәм басқа да көрнекли жәмийетлик искерлерин труппаның әтирапына тығыз шөлкемлестиреди.

«Таң нуры» труппасы Әбдираман Өтеповтың басшылығы менен 31 адам қурамында Қарақалпақстанның районларының орайларына ҳәм аўыллық жерлерине гастрольға шығады, спектакль ҳәм концертлер көрсетеди.

Гастроль күнлеринде Әбдираман Өтепов шөлкемлестириўшилик жумыслары менен бирге, өзиниң творчестволық жумысларын да алып барады. Халық турмысын, халық турмысына кирип киятырған жаңа үрп-әдетлерди үзликсиз изертлейди. Әбдираман Өтепов усы гастроль дәўиринде «Еки баслы суў қабақ» атлы сатиралық комедиясын, «Қосып жибер, осып жибер», «Мал келипти» атлы сатиралық инсценировкаларын, «Келиншек пенен бийкешиниң айтысы» атлы ағитациялық инсценировкасын ҳәм басқа да бир қатар шығармаларын жазады.

1928-жылдың екинши ярымында Әбдираман Өтепов тарийхый темаға арналған 3 актлы, 6 картиналы «Ашлық зары» атлы пьесасын жазды. Бул пьесаны автор әкеси өлгеннен кейин өз басынан өткен өмирден, яғный 1916-жыллары күн көриў мақсетинде бир аўылдан екинши аўылға арқаланып көшип жүрген дәўирден жазылған болыўы итимал, себеби пьесадағы сүўретленген ҳәдийсе автордың өз турмысы менен оғада сәйкес. Бул пьеса өз дәўиринде тамашагөйлер тәрепинен жақсы баҳаланады.

Әбдираман Өтепов көп жыл даўамында миллий труппаның турақлы басшысы болады. Буған қосымша ол 1928-1932-жыллары басқа да ҳәр қыйлы мәкемелерде қосымша хызметлерде иследи.

1932-жылы 3-октябрьде Қарақалпақстан халық билимлендириў бөлиминиң №75 буйрығына муўапық Әбдираман Өтепов Халық билимлендириў бөлиминиң искусство секторының инспекторы болып иске тайынланады.

Әбдирман Өтепов драматургияны театрдың ажыралмас бир бөлеги деп есаплады. Театр менен драматургия бириккен бир тутас күш, халықты қаҳарманлық мийнетке, жаңа турмысқа ҳәм үрп-әдетке мәдениятлы қатнас жасаўға шақырыўшы, адамлар арасында жаңа тәртип ҳәм өз-ара мәдений қарым-қатнас орнатыўды үгитлеўши шөлкем деп билди. Жалқаўлық, өсекшилик, мәмлекетлик мүликти талан-тараж қылыўшылық, парахорлық, көп хаял алыўшылық ҳәм усыған усаған жарамас әдетлерди ушырасқан жерлеринде жазып, сахнада сатиралық күлкиниң күши менен жоқ етип жибериў ушын театрды бирден-бир қолайлы қурал деп билди. Сол себепли де өзиниң барлық шығармаларын

театр ушын дөретти. Соның нәтийжесинде болса керек, ол усы мүмкиншилик пенен шекленип өзиниң шығармаларын баспа жүзинде жәриялаўға қызықпаған.

Ал енди, Әбдираманның жазыў шараятларына келгенде мынадай картиналарды көресең. Оның менен ислескен, бирге болған жолдаслардың (информаторлардың) билдириўлери ҳәм мағлыўматларына қарағанда ол өзиниң дерлик барлық шығармаларын бир жаққа сапар шегип баратырғанда, қайықта, арбада ямаса бир аўылға келип спектакль қоярдың алдында, сондай-ақ спектакль қойылып атырғанда перdensиң артында турып жазған. Ислескен адамларының барлығы да оның пьесаларды, инсценировкаларды, қосықларды, тақмақларды «жүрип баратырып жазыў уқыбына» ийе болған әжайып талантын жоқары баҳалайды. «Ол —деп көрсетеди, Әбдираман менен бирге ислескен адамлардың бәри де, фантазияға бай, жаңаны көргиш, сезгир ҳәм тез ақыл жуўыртыў уқыбына ийе, өз ойын тез қағазға түсире алатуғын ҳәм оғада талантлы импровизатор адам еди» —дейди.

1928-ҳәм 1932-жыллар арасында Әбдираман Өтепов тек драматургиялық шеберлигин байытып ғана қоймастан театр жумысларында да үлкен тәжирийбе топлайды. Миллий театрдың раўажланыўы келешеклериниң барлық мәселелерине жақсы түсинди.

Мине, солай етип өз өмирин, күш-қуўатын, пүткил ақыл-ойын халық ушын жумсаған талантлы драматург, әжайып театр ғайраткери Әбдираман Өтеповтың өмири ақыры айланып туўылған жерине келип аяқланады.

Ол өзиниң творчестволық күшке ерискен дәўиринде, 1934-жылдың 11-февралында 29 жасында сүзек кесели менен аўырып қайтыс болады. Оның өлими қарақалпақ театр искусствосы ҳәм әдебияты ушын үлкен жоғалтыў болды.

Төреш Алланазаров
*Искусство илимлериниң кандидаты,*

# ТЕҢИН ТАПҚАН ҚЫЗ

*(Қарақалпақтың ауыл турмысынан алынып жазылған 5 пердели пьеса).*

**1928-29-жыллары жазылған**

Әбдираман Өтеповтың ҳәзирге шекем өзиниң қуның жоғалтпай, көпшиликтиң алғысына миясар болып киятырған, ҳәзирде Қарақалпақ Мәмлекетлик муз. драм. театрдың турақлы репертуарларының бири болған, бул пьесасын дәслеп 1925-жылы 1 актлы «Шәлеке бай» деген ат пенен Қоңыратта жазған еди.

Автор бул комедияны Төрткүлге келгеннен кейин 1928-жылы қайта ислеп шықты.

## ҚАТНАСЫУШЫЛАР:

**Шәлеке**—бай адам, ақсақаллы, жасы 64 те.
**Нәзигүл**—байдың қатыны, бослау адам, жасы 55 те.
**Бекмурат**—байдың баласы, әўмесерлеў, жасы 18 де, орта кийинген.
**Жамал**—байдың дийханы, үстинде жаман кийим, жасы 16 да.
**Шәлим**—орта жастағы киси, байдың қоңсысы, жасы 35 те.
**Таўмурат**—байдың ағайини, шаққанлаў жигит, жасы 30 да.
**Султамурат**—жарлы адам, балықшы, жасы 40 та.
**Мәрьям**—Султамураттың қатыны, жасы 38 де.
**Тиллахан**—Султамураттың қызы, жасы 16 да.
**Ҳәбий**—ахун—молла адам, басында сәллеси бар, жасы 50 де.
**Сейит**—аўыл адамы, жасы 34 те.
**Қосберген**—қайқы жигит, шабандоз, жасы 28 де.
**Палўан**—лаққылаў адам, жасы 30 да.
**Қайып**—аўыл жигити, жасы 24 те.
**Айтым**—басы таз, жасы 30 да.
**Улбоған**—келиншек жасы 20 да.
**Шазада**—қыз, жасы 18 де.
**Майшүкир**—қыз, жасы 18 де.
**Қатыйша**—қыз, жасы 16 да.
**Арзыхан**—келиншек, жасы 28 де,
**Судья**—жасы 29 да.
**Хаткер**—жасы 30 да.
**Сәлмен**—жасы 20 да.
**Милиция**—жасы 20 да.

## 1-ПЕРДЕ

Сахна ашылғанда қарақалпақтың байының үйи, үйде жақсы кийиз төсеўли, қаршын, боқжама, қазан-табақ әташтанның басында қуман, шайнек-кеселер турар. Төрде Шәлеке пахта түтип, Нәзигүл шарқ ийирип отырады.

## 1-КӨРИНИС

**Шәлеке** —(Басын көтерип алып, ашыўланып). Аспанды жерге түсирсеңде мен ойлағаныма жетпей қоймайман.

**Нәзигүл** —Мен халықтың гәпинен қашып айта қойып едим, енди ықтыяр өзиңде, мениң үстиме бир түўе, еки қатын ал. Не қылайын, қудайым жалғызым саў болсын.

**Шәлеке** —Қандай иснат болатуғын еди, мениң бир өзим емес, журттың бәри де еки қатын алады. Жалғыз маған қарағанда журт күлсе, күле қойсын.

**Нәзигүл**—Журт қатын алса, бир сылтаў менен алады, биреў перзенттиң жоқлығынан, биреў жаслықтың әсеринен, сен болсаң алпыстан астың. Қудайға шүкир, перзентиң бар, малыңды сыйғыза алмайтуғын болған соң айтып отырғаның ғой, болмаса уялмай қайсы бетиң менен қыз аламан деп отырсаң? Оннан ана жалғыз балаңа қолайлы бир жерден пәтия оқы. Сөйтип бизде балалы болып, келин түсирейик, мурадымызға жетейик.

**Шәлеке**—Сен көп сампылдама, бул айтып отырғаныңның бәри мениң қулағыма кирип шықпайды, қартайдың десең,мениң сақалым ағарған менен, жасым озған менен, кеўилим тозған жоқ. Сендей қатын түўе, 15 жасар қыздың қартайтып қартайатуғын Шәлеке шығарман (қозғалып отырады). Қудай айтқан мал десең қора толы, абырой десең күшли, ҳәлине ылайық бар. Қайсы қаңғырып жүрген аш-әпенделер қызын бермес екен. Аҳа, ойнап жүрген екенсең, ойнама қатын көрсетермен көзиңе!

**Нәзигүл**—Қойдық, алатуғын қызыңды ала бер, биз сөздиң кележағын айттық, бир түўе, еки-үш қыз ал. Бүгин алсаң да басым айналмайды.

**Шәлеке** —Ийшалла аларман, бир аўыз бисмиллә керек емес, нан жегеннен аңсат. (Асығып-албырап Бекмурат киреди).

## 2-КӨРИНИС

**Бекмурат** —Апа нан бер, аш болып қалдым.

**Нәзигүл** —Ағаң қыз алайын деп атыр, сол саған нан писирип берер. Ҳәзир үйде нан жоқ.

**Бекмурат** —Апа-аў, ырас па ақудай қыз алады (Үйдиң ишинде жуўырады).

**Шәлеке**— (Көзин алартып, Нәзигүлге қарап) Көрдиң бе, мақаўлардың қасақанаға айтып отырған сөзин.

**Бекмурат**—(қуўанып) Ағамның қыз алажақ болып жүргени рас па?

**Шәлеке**—Ырас, мақаўдың туқымы, алдырмайын деппедиң.

**Бекмурат**—Жағаў сорадық дағы, (Жуўырып шығып кетеди).

**Шәлеке**—Әттегене· Ол мақаў балаға неге айтып қойдым, журттың бәрин бүлдирип, қоймаса болар еди, ол атаңа нәлет, сыр шашып қоймаса болар еди( Басын шайқап отырады).

## 3-КӨРИНИС

(Аўзында нан, гүбирлеп Бекмурат киреди).

**Бекмурат** —Аға-аў, мен буннан Пал ағамның үйине барып едим, бираз адамлар толып отыр екен, мен айттым, бизиң ағам қыз алайын деп атыр, шүйинши бер деп едим, енепаттай қант пенен нан берди, минекей.

**Шәлеке**—(Орнынан турып) Ҳә иймансыздың баласы, абыройымды төккен екенсең ғой, қудайдан тап. (Бай урады, Бекмурат ўай-ўай салады).

**Нәзигүл** —Урма баламды, сениң қыз алғаның журтқа дәри ме, оны урғанша мени ур.

**Шәлеке**—Саған да керек болса (басына урады, Нәзигүл, Бекмурат жылап отырады, бай есикке барып даўыслайды) Жамал! Жамал!

## 4-КӨРИНИС

(Үстинде жаман кийим, басында қураш, қасынып, аўызы-басы қара-ғожалақ болып Жамал кирер).

**Шәлеке** —Бар, сен Таўмурат жанымды шақырып кел· (Жамал талтаңлап ояқ-буяғына түпиринип шығып кетеди).

**Шәлеке**—(Былай-былай жүрип) Қәнекей, сизлер жығармекенсиз, я мен жығармекенмен, көре қалыңыз сизлер. Қудай тала мал берген соң... алдымдағы малым саў болсын. «Қыз тәңириси—мал» деген (Жамал киреди).

## 5-КӨРИНИС

**Жамал** —Аға, шақырған адамыңыз кире берсин бе?
**Шәлеке** —Кире берсин.

## 6-КӨРИНИС

(Таўмурат ҳәм Жамал кирер)

**Шәлеке**— Келиңиз шырақларым, мынаяққа шығың. (Таўмурат, Жамал отырады).

**Шәлеке** —Таўмуратжан, сизлерди шақырғандағы мақсетим, ағаң қартайғанда жигит болғысы келди. Ғаррылықтың алды, жигитликтиң соңы, қудай таланың берген дәўлетиниң арқасында ҳеш нәрсеге зәриў ғой болғаным жоқ, солайда болса, қартайған ҳалда тәҳәрет суў жылытып беретуғын тәўир жерден маған бир қыз алып бериң, соны айтайын деп сизлерди шақырып отырман.

**Жамал** —Ҳаў аға, ырас айтып отырсаң ба? Қой ойнап айтып отырған шығарсаң. Буны журт еситпесин, мынаў масқарашылық ғой.

**Шәлеке**- (Жаратпай) расым балалар. (Нәзигүл қабағын түйип далаға шығып кетеди).

**Таўмурат** Дурыс аға, қыз алмайтуғын киси жоқ, журттың жасы—сизиң ғаррылығыңыз тепе-тең. Бирақ заманның түри жаман, большой[1]да еки қатын алдырмайды дейди, қалың мал да буннан былай қойылады екен деп журт бир нәрсени айтады, солкарасы болмаса, сизге тап тайын. Қайсы қарақалпақ қызын бермейди, бәри де береди.

**Шәлеке**— (Күлип) Ҳа-ҳа Таўмурат жан. Ата баласысаң ғой, адамның кеўлиндегини айтасаң, ал большойдың қалың мал, еки қатын алыў ҳаққында шығарған нызамы бизиң журтқа келип тарамаса керек. Себеби неге десең, қаладағы Хожамет дийўан жораның хаткери ғой, түнеў күни сөйлескенимде «ўай, ағай өзлеримиз бармыз, ғам жеме, бурынғы ўақтыңнан да артығырақ шалқая бер» деген еди, ғам жеме қосшым.

**Таўмурат**—Жақсы, онда бизлерге айтатуғын хызметиңиз болса, айта бериңиз. Қолымыздан келгенше питирейик.

---

[1] Большой —большевик деген сөз.

**Жамал**—Мен Шәлеке ағамның қыз аламан деп отырғанына еле инанбай отырман. Егер алатуғыны ырас болса, бул масқарашылық. Төринен гөри жақын болып отырғанда, еки қудай айтқан баласы бар, бир жетим жесир, яки қаллаш соры қайнағанның қызын алып бермиз, бирақ соңғы күнде көз жасына қаламыз.

**Таўмурат** —Жәке, олай емес, бес күн болса да уақты хошлық қылайын деп отағасы ойда жоқ жерден ойланған екен, аянбастан хызмет етип бир жерди көзлейик.

**Шәлеке**—Жамал, мен сениң қарындасыңды алайын деп отырғаным жоқ. Әўлийе болғанда союзбысаң-моюзбысаң, соған маған қыр көрсетип отырғаның шығар, мен қуры қалмайман, мениң малым саў болса, сендей жалаң аяқ қаллаштың үнин шығармай, сөзсиз өширемен, аўзыңа келгенди сампылдама!

**Жамал**—Биз сампылдасақ та, сампылдамасақта болғанымыз. (Шығып кетеди).

## 7-КӨРИНИС

**Шәлеке**—Қулат қулататуғын аспаныңды, қаладағыларым саў болсын, уай атаңа нәлет жалаңаяқ, мен бир жеңил аяқ ғой, хызметиме барып-келип турар десем закон оқыйды ғой.

**Таўмурат**—Аға, не қыласыз оның сөзин. Қәнекей, күн болса кеш болды, өзиңиздиң дийдилеп жүрген биреўиңиз бар шығар.

**Шәлеке**—Мениң дийдилеп жүргеним Султамурат тийеклиниң қызы. Султамурат қаллаш адам, балық жеп аўқат етип жүрген, бир, еки малдың дерегин айта ғойсаң, ол қызын бере қоймас па екен?! Басқа ҳаллылаў адамның қызын айттыра қойсақ «ғарры» деп тамағы тоқ болған соң бермес, Султамураттың өзине де түнеў күни көрип, қулақ қағыс етип едим.

**Таўмурат**—Оның қызы жас емеспекен?

**Шәлеке**— Қыз жас болатуғын ба еди, он төрт-он бесине келип қалса керек. Егер ала қойсам таза кийим кийиндирип азлап тәрбия берсем, тәуир бала көринеди.

**Бекмурат** —Ҳаў, аға, ол қыз мениң менен жас, бизлер қамысқа барғанымызда, бирге сырғанақ теўип ойнап жүрген қурттай ғой, ол саған қатын болмайды, қурттай, қурттай!

**Шәлеке**· (Ашыўланып) Отыр! Қара, саған сөзди ким үйретип қойды мақаўдың баласы, сениң...

**Таўмурат**—Жақсы онда, соған бараман, қасыма кимди алып кетейин?

**Шәлеке**—Қасыңа Ҳәбий ахунды да ал· Бердақ аталықтың баласын ал, сондай адам алып бармасаң, бир дегеннен қанша аш отырса да, қызын бермес, бирақ аўзының толысын сораса да бериңиз, бир қыздың малы мени қурып кетпес, ал пәтия оқып оларды қудалыққа шақырып келе бериңиз, тезден малын берип узатып алайық. Усы барғаныңызда келе ғойса қудаларды алып келе бер.

**Таўмурат**—Жақсы, онда мен турып кеттим (Турып кетеди, Шәлеке қолына бир таяқты алып, Бекмуратты ура баслайды, Нәзигүл келеди).

**Нәзигүл**·—Оны урма мени ур, неге оған тийесең, оның қандай жазығы бар еди. (Үйдиң иши ала сапыран болады).

Перде түседи

## II ПЕРДЕ

### 1-КӨРИНИС

Жарлы балықшының турмысы. Бир қазан, еки табақ, мардан ишинде балық, шортан бар. Қазан асыўлы, балық толып қайнап турған, қасында Тиллахан уўылдырық көмип, қамыстың отына писирип отыр.

**Султамурат**—Қатын, усы бүгин қазам майланбады, еки шортан түсипти, усы пейили болса, быйыл қыстан аман шықсақ болар еди, дым тарықтым.

**Мәрьям**—Не қылар дейсең шабазым, ийт етин жеп отырған ашлық жоқ. Үшеўимиздиң тамағымыздың илажы болар дағы.

**Султамурат**—Сен кешеги аўылға келип жүрген орыстың сөзин аңладың ба? Не дейди «қаллаш болсаң союзға кир, пайдасы болады» дейди. Ол қалай екен, өзи орыс болса да пай заңғар сөйлейди. Сен оған қара қатын, (түргелип) қолды былай жулқып келип сөйлейди. «Байлар жаман, олардың сөзине ерме» дейди, «Қарсы болып турыў керек», дейди, пай дилмаш

екен-ау, оннан қалса үстиндеги кийимлери моншақтай түп-түзиу, аяғына порымлы етик кийип жүр, дым жақсы көрдим.

**Тиллахан**—Аға-ау, 'ол орыс емес екен, усы тамғалының аўылындағы Мамыттың баласы дейди. Оқыўға кеткен екен, соннан келипти, кеше бизлер балық қыршып атырғанда көрип, аяп кетти.

**Мәрьям**—Усы мақаў дүньяның хабарын биледи. Оның қасында не қылайын деп турып едиң еле, орысларға берсе қәйтесең. Сондай сотанақ болдың әйтеўир!

## 2-КӨРИНИС

(Таўмурат—Ҳәбий ахун, Сейит келеди, үйдегилер қорқысып ажарлары қашып отырады).

**Таўмурат**—Султамурат аға, аман саў барсаң ба? Кише аман ба, қарындасым аман ба? (Басқалары ҳәм аман-саўлық сорасар).

**Султамурат** —(Қорқып) Қайдан киятырсыз, қайда баратырсыз, парахатшылық па, қорқып отырмыз шырақларым, бурыннан соңғыға бизиң қасымызға бундай болып адам келе бермейтуғын еди.

**Ҳәбий**—Қорықпаңыз, парахатшылық, әпиўайы келип едик.

**Мәрьям**—Солай болғайдағы, қудайым-ай, зордан отырған соры қайнағанлар едик.

**Сейит**—Қой кише, қорқпа, саў барсызлар ма?

**Таўмурат**—(Қалтасынан бир азғана қант шығарып Тиллаханға узатып) Мә, шырағым базарлық. (Тиллахан алады) Сен қасыңыздағы қоңсыңыздың үйине барып, бираз аз отырып тур, бизлер ағаң, апаң менен купия сөзлеримиз бар еди..

## 3-КӨРИНИС

(Тиллахан шығып кетеди)

**Таўмурат**—Султамурат аға, «айран тилеген шелегин жасырмайды» деген нақыл бар. Сол айтқандай қонақларыңнан жол болсын сора.

**Султамурат**—(Қорқып) Қәйдем,қандай жол болсын сорастырарымызды, өзимизде сасып қалдық.

**Таўмурат**—Бизиң бунда келгендеги мақсетимиз хәммениң ендиги қалып турған жас үлкени Шәлеке байдың сизге бир мүтәжи түскен екен, соны айтайық, питсе питкерип кетейик деп келдик.

**Султамурат**—Айта бериңиз, қолдан келгендей нәрсе болса жанымыз бенен питкеремиз ғой, бизлердей адамнан мүтәжи питетуғын болса.

**Таўмурат**—Ахун аға, сиз айтың, хәммеге бирдей дууагөйсиз ғой.

**Ахун**—Үххе-үххе. Султамурат жан, бизлердиң келгенимиз Шәлеке бай сизиң қызыңызды соратып жиберди. Бизлер соған келип отырған жаўшымыз.

**Султамурат**—Ҳаў, Шәлеке болса, абыройлы бир адам хәм байлығы бар, мен болсам мынаў балық пенен күнимди көрип отырғаным. Оның баласына мениң қызым теңлес бола ма екен? Қой, ойнап айтып отырған шығарсыз, буны киси еситсе күлер.

**Мәрьям**—Өйбей, бизиң Тиллаханды Шәлеке баласына айттырып жиберди дейсең бе, қой инанбаймыз. Балық сасып отырған жаман қызымызды Шәлекениң баласы не қылсын?

**Ахун**—Жоқ, баласына айттырған жоқ өзине айттырып жиберди. Қартайған ҳалда тәҳәрет суў жылытып бериўге қол-аяғы жеңил бала жақсы болады деп—(Султамурат сам-саз болып отырады).

**Мәрьям**—Өйбей, мен баласына соратқан десем өзине сораттыра ма, қоя гөр, Шәлекениң узатқан қызы меннен 4 жас ғана кишилиги бар. Шәлекениң мен қызы менен жаслыман, минекей мениң шашым аппақ болып отыр, бул масқарашылық ғой!

**Таўмурат**·Жоқ кише, олай емес, сен бала болма, Шәлекедей кисиге хәркимде болса баласын берер. Ҳешнәрсе, таба алмай келип отырғанымыз жоқ, бирақ дурыс жуўабыңызды берсеңиз болады.

**Сейит**—Султамурат аға иште пикир болғанша, сыртта талаў болсын дегендей, енди пикириңизди көрсетиңиз.

**Султамурат**—(Қатынына қарап) Мына қонақлар не деп отыр, буған жууап бериў керек. Қандай пикириңиз бар?

**Мәрьям**—Мениң беретуғын қызым жоқ, аштан өлип қалсам да Шәлекеге қызды берип, обалына қалғанша

аштан өлген жақсы. Мен баласына соратып жиберген шығар десем, өзинe екен ғой.

**Сейит**—Олай емес, баланың сөзин сөйлемеңиз, Шәлекени ғарры деп отырған шығарсыз, оннан басқа ғой ҳеш кемиси жоқ, жасқа қызын берип атырған адамды да көрип атырмыз. Оларда келисип отырған жоқ. Егер Шәлекеге қызыңызды берсеңиз, жегениңиз алдыңызда жемегениңиз артыңызда ҳәм де бес-алты мал алыңыз, сөйтип отырмасаңыз сизлерге болмайды. Заманның түри жаман, ертең есин жыйнап алғаннан соң қашып кетер дағы, сизлердиң аўзыңызды есикке қаратар, оннан да тезирек бир азырақ мал алып Шәлекеге бере қойыңыз.

**Таўмурат**—Солай, солай. Шәлекениң сизлерден аяйтуғын малы жоқ, бәри сизлердики.

**Султамурат**—(Ойланып). Бираз мәўлет бериңиз, ойласайық қалай болар екен.

**Таўмурат**—Ойласатуғыны жоқ отағасы, дүньяда қыз қурып кеткени жоқ. Сизлер жарлы-жақыбай адам болған соң басқаға кеткенше, Шәлекениң малы сизге кетсин деп келип отырмыз. Бирақ бермесең де кетемиз, ағайин арасында бир түрли аўыз алалық туўып кетер, бир қыз ушын адамды қайтарып, бос жиберген де жақсы болмас.

**Султамурат**—(Қатынына қарап) Қалай көресең, не деп отыр мына қонақлар?

**Мәрьям**—Мен не айтайын, бизиң ырзашылығымызға қараса бай бундай қылмас еди, усыннан бермей жиберсең, сени қандай бәлеге сазыўар қылатуғынын қайдан билейик, өзиң билесең дағы.

**Султамурат** (Ойланып) Кел, болмас, қәйтемиз, қорқсақ та, сыйласақ та илажсыз беремиз дағы. (Үйдегилер күлер)

**Ахун**—Бәрекелла, иймаи-нышаналы адам екенсең, сизге қудай тағы да берер. Қалың деген пайғамбарымыздың ўақтында ҳәм бар нәрсе, қалың сорасып алыўымыз дәркар. Қалың бермеген, қалың алмаған дурыс емес, шәрият бойынша.

**Султамурат**— Қайдан билейин, өзлериңиз билесиз дағы, бир нәрсени айта қойыңыз!

**Таўмурат**—(Ахунға) Шәлекеңе де бирдей, Султамурат ағаға да бирдей адамзсы, сиз айта қойыңыз.

**Ахун**—Мен айтсам, қыздың ҳақы қырқ туўардан өт-

пейди, бирақ Султамураттың қызының жаслығы Шәлекениң ғаррылығы ушын елиў туўарға қоямыз. Қайтпас қара болсын.

**Сейит**—Бериңиз пәтияңызды (Ахун қол жаяр, пәтия етер, Мәрьям балық салып қояды, қонақлар балық жейди.) Қәнекей, биз айырым қуда болып сизге келмеймиз, усы бизиң қуда болып келгенимиз, сизлерди сынамаймыз. Ертеңги бийсенбиге бизге қуда түсиў ушын ҳәм малыңызды алып қайтыў ушын барарсыз. Бирақ, жигит желең көп барсын. Шәлекениң қуда түсер тойын үлкен етип беремиз.

**Султамурат** —Жақсы болады.

**Қонақлар**—Шығайық. (Таўмурат, ахун, Сейит шығады).

## 3-КӨРИНИС

**Султамурат**—Қатын қалай болды, бул қалай ис?

**Мәрьям**—Қалай болсын, бир жағынан қарасақ, «Султамурат қызын аппақ сақаллы ғаррыға берди» атанамыз, бир жағынан қарасақ, нәрсе таппай отырған адам едик, бираз маллы болып қалдық, бул да жақсы (Тиллахан киреди).

**Тиллахан**—Апа, жаңағы адамлар неге келген екен?

**Мәрьям**—Балық сатып алайын деп келген екен, балық алып кетти.

**Султамурат**—Ҳаў, мен қазама барайын, күн кеш болып қалыпты-ғой. (Шығып кетеди).

## 4-КӨРИНИС

**Тиллахан**—Апа, қой, балыққа келген кисилер емес, ол адамлар саў адамлар емес ғой, айтсаң болмай ма, неге жасырасаң жасырмай-ақ қой.

**Мәрьям**—Не усы қатынның сампылдап отырғаны, отыр. Ана уўылдырық күйип кетти, отқа көмген. Соны алып же, аўзыңа келгенинди сампылдама, не қылған ширкинсең, кеш болып қалыпты бир -еки баў қамыс алып келейин отқа жағатуғын (Орақ алып шығып баратырып) үйде отыр ҳеш жаққа кетпей (Шығып кетеди).

RESURS ORAYI 10227
234656
Республиканың балалар китапханасы

## 5-КӨРИНИС

**Тиллахан** — (Жалғыз төмен қарап, жылап отырады) Эттеген-әй, бир дем шелли көринбеди, ҳаў анам, атам-ай! Шәлекениң малына қызығып, жалғыз көзимниң ағы-қарасындай қызыңды саттың-аў, қәйтермен! (Төмен қарап, басын шайқап муңлы дауыс пенен).

Ата-ана зар жылаттың қызыңды,
Шебине айналды мениң ығбалым.
Душпаныңа бийлеп бердиң өзиңди,
Кимге болар екен мениң обалым?!

Ботасы өлген әрўанадай бозладым,
Иште дәрт көбейди, оттай лаўладым,
Әрманым көп, қудайға мен не жаздым;
Ақ сақаллы шалға басым байладым.

Қыйыншлық келтирдиң қыршын жасымда,
Ықтыяр болмады жалғыз басымда,
Жәрдем берер адамым жоқ қасымда,
Күннен-күнге питер болды ығбалым.

(Узынына түсип жатып қалады).

**Перде түседи**

## III-ПЕРДЕ

## 1-КӨРИНИС

(Шәлекениң бурынғы үйи. Төрде Шәлеке, жақсы кийим кийинген, бир өзи қолында айна, қарап отыр).

**Шәлеке** — Япырмай бүгин қудалар келсе мениң сақалымның ағын көрип, үркип кетер дағы, ҳәй әттеген-ай! (олай-булай жүрип). Қой кеўилим, Султамурат маған қызын көрмей берген жоқ, әлбетте мен үлкен болған соң 50 туўарға берген «қыз тәңириси мал» деген ғой; босқа әўара болмайын (ойланып) тоқта, азырақ жулсам қәйтер екен (айнаға қарап, азлап сақалын жулар, ҳәр талын жулғанда ўаҳ-ўаҳ деп турады).

## 2-КӨРИНИС

**Бекмурат**—Аға, не қылып отырсаң?

**Шәлеке**—Қарағым, азғана сақалымның ағы бар еди, соны жулармысаң?

**Бекмурат** —Аўа, аға жүдә жақсы жуламан.

Шәлеке—Муртымды мына қайшы менен қақ, сақалымның барлық ағын жула бер (Дастық салып жатар. Бекмурат жула баслар, ҳәр қайсысын жулғанда уаҳ-ўаҳ деп бақырар. Бекмурат қайшы менен бәрин қырқып жиберер.)

**Шәлеке**—(Өрре турып айнаға қарап) Ўай, мақаўдың баласы, нәрсе қоймапсаң-ғой, пес. Ўай-ўай (Қуўып жүрип урар)

## 3-КӨРИНИС

**Нәзигүл**—(Қолында уны, үйге киреди). Бул не болып қалды?

**Шәлеке**—Не болғанын сорайсаң, маңлайым қурып қалды, мынаны көрдиң бе, ағын жул десем, мына мақаўдың қылғаны.

**Бекмурат** — (Жылап) Сен ағын жул дедиң, соннан соң бәри ақ екен, жулғаным ырас, не қылайын енди!

**Шәлеке**—Қатын-қатын енди не қыламан, айтшы маған?

**Нәзигүл**—Жаның шықсын, жас қыз алатуғын адамсаң ғой, жас жигит, үйде жатып жула бер.

**Шәлеке**—Ҳәй қойса, масқара болармыз. Бир илажын тап, қудалар келип қалмасын оннан бурын.

**Нәзигүл**—Бир қос орамалды байлап қоя ғой, сораған адам болса, тисим аўырып отыр дерсең.

## 4-КӨРИНИС

**Таўмурат** — (Кирип) Далада қонақлар келип қалды, жайғастырыңыз. (Шәлеке асығып орамалды тез байлап, таңып алып төрде отырады. Нәзигүл унды алып, Таўмурат шығып кетеди).

**Даладан** —Саўым ылақты, бөрке ылақты бер?!

## 5-КӨРИНИС

(Қосберген, Палўан, Айтым, Таўмурат келер, бай менен Таўмураттан басқасы көрисер).

**Шәлеке**—Амансызлар ма балалар, аман есенсизлер ме?

**Үйдегилер**—Шүкир, шүкир.

**Қосберген**—(Шәлекеге) Отағасы, Қутлы мүбәрек бола берсин.

**Шәлеке**—Аўмийин, айтқаныңыз келсин, ал балалар, сизлер усы үйде жайласып отыра бериңлер. Мен мына үйге барып, мал сойдырып, тамақ тайын еттирейин. Үлкен қудалар болса, Мәдирейимниң үйинде жайғасар, сизлер жас жигитлер ойнап-күлип отыра бериңиз, мына Таўмуратжан сизлерге хызмет етеди (Шығып кетеди).

## 6-КӨРИНИС

**Палўан**—Таўмурат, бизиң Султамурат ағаның күйеўи усы киси ме?

**Таўмурат**—Аўа.

**Палўан**—Күйеў баламыз Султамураттың бабасы Елмураттай киси екен-ғой. (Үйдегилер күлисер).

**Қайып**—Аўзын таңып жүр, сақалы ақ болған соң көрсетпейин деп жүр ме? (Күлисер, үйдеги адамлар сыртынан ҳәр түрли дәлкек сөз бенен басқылар).

## 7-КӨРИНИС

(Таўмурат шайнеклерди алып шығып кетер).

**Қосберген**—(Бираз басқыласып болып). Қойыңыз «Үй меники демеңиз, үй артында киси бар» деген. Биреў болмаса биреў еситип қояр, уят болар.

**Қайып**—Жигитлер ҳәм ылақ ойнап атырған шығар, мен бир көрип келейин, қәнекей! (Шығып кетер).

**Палўан**—Айтым, тобық жутқан баладай сен неге үндемей отырсаң, я болмаса ашамайлының қызлары басыма суў қуяды деп қорқып отырсаң ба, қой қорқпай-ақ қой, тилеп алармыз. (Айтым төмен қарап отырады).

## 8-КӨРИНИС.

(Тау̌мурат шайнеклерди алып, қонақлардың алдына қояды, қонақлар қайтарып ишип отырады).

**Қосберген**—Қәнекей, Тау̌мурат жора қудаларының қәделерин молдан-молдан алып келе бериңиз, оннан соң ылақ ойнап атырған жигитлерди қойдырыңыз, ертең болады ылақтың зоры, атлары шаршап қалар, оларды басқа үйге түсир, хызмет етерсиз.

**Тау̌мурат** —Жүдә жақсы, «ат өлсе де қәде өлмес, арық қойдан төслик ал» деген бар ғой, қәне қәделериңиздиң атын айтыңыз, жасы үлкенлерге айтып барайын.

**Палу̌ан**—Тау̌мурат, өзиң билесең бе, бақсы байрақ, тақия пул, еки қәдени молдан алып кел, оннан соңын айта берермиз.

**Тау̌мурат**—Жақсы. (Шығып кетеди).

## 9-КӨРИНИС

**Айтым**—Тезирек қайтсақ еди, биреу̌ қыз алады, биреу̌ қыз береди, бизиң не жумысымыз бар,—қой, балалар, ау̌ылда жүрген жеримнен қудалыққа барамыз деп коймай алып келдиңиз. Тезирек қайтайық!

## 10-КӨРИНИС

(Қайып келеди).

**Қайып**—Ылақты қойдырдық.

**Қосберген** -Қай жағы бәлент болды?

**Қайып**—Бизиң жақ тәу̌ир, аналар ертең ау̌ылындағы барлық атларды жыйнайжақ түри көринеди, сонда да бизиң бет ылақты бермей жүреди.

**Иштен** —Жақсы екен онда, абыройымыз шайқатылмайды екен.

## 11-КӨРИНИС

(Тау̌мурат келеди)

**Тау̌мурат** —Бардым, ғаррыларға тапсырған хызметиңизди айттым. Барымызша базар қылсын деп мына орамалды берди. (Қосбергенниң алдына қояды).

**Қосберген**—(Санап көреди). Жыйырма бес теңге екен, қалай көресиз?

**Палуан**—Шәлеке бай теңгесин басына шайнап жақсын, балғалының жигитине қорлық емес пе буны алып кете бериу, бул не деген масқарашылық, тақыя пул менен бақсы байрағына ҳеш бир уақта 25 теңге алып көрген емеспиз. Шәлеке қайта журт қырқ теңге берсе, мунын жүз теңге бериуи лазым. Буйтип ойнамасын, дурыслап қәдемизди берсин.

**Айтым**—Палуан усы қәдеден бала-шағаңды асырайын деп келип пе един, болады дағы, қәде деген түйе болмайды, аты аталса болғаны ала бериңиз.

**Палуан**—Мениң басым Айтым шырттың басындай таз емес, суу қуйса да қорықпайман, асықсаң кете бер. Қәдемизди мол етип аламыз, соннан соң ашамайлының қызлары сууын қуя берсин.

**Айтым**—(Ашыуланып). Кимниң басы таз дейсең. Көрсетип бер. Ҳә, атаңа нәлет. (Бирден ашыуланып орнынан турады)

**Палуан**—Сениң атаңа нәлет. (Айтым—Палуан төбелеседи, Айтымның шөгирмеси түсип, тазы көринеди).

**Қосберген**—(Отырғызып). Қой, қойың бундай мәжгүнлик болмасын, бул не деген сумлық?

**Даладан**—Бай-бай, аңа қуданың басы таз екен. (Бираз адамлар күлисер).

**Қосберген**—Таумурат, булар алмаса мен алдым, өзимниң қасымнан қоссам да буларға жетпегенин, жеткерейин, ал жора, бизлер қәдемизди алып қалдық, ендиги гезек сеники, қәдеңиз болса ала бериңиз.

**Таумурат**—Жақсы жора, бизлер де тайын турмыз, ал сиз басыңызды бузбай отырыңыз. (Шығып кетеди).

**Қайып**—Япырмай, қайсымыздан баслап суу қуяр екен? (Айтымға қарап). Айтым аға, сениң басыңнан баслап қуяр, сирә шетте отыр екенсең. (Айтым орнынан турып, ортаға шығып отырады).

## 12-КӨРИНИС

**Таумурат**—(Күлип). Қудалар, ал қызлар суу қуяды, тайсалмай отырыңыз. (Даладан ҳәйкел, өңир-моншақтың дауысы келер).

## 13-КӨРИНИС

(Улбоған қолында нәҳән бир қабақ суў, бир қолында табақ күлип турады).

**Улбоған**—Бийкеш, ишке кире бериңиз!

## 14-КӨРИНИС

(Шазада киреди, Улбоған табаққа суў қуйып, Шазадаға береди. Шазада алып, берги шетте Қайыптың басына суў қуяды. Шөгирмесин, тақиясын қайтып кийгизеди. Улбоған табаққа суў қуйып Майшүкирге береди. Майшүкир Қосбергенниң басына суў қуйыў ушын шөгирмесин алып атырғанда белбеўин тутады.).

**Қосберген**—«Билмедик, елиңниң сырын, жедик алақшынның қырын» деген екен, сизлерде дәстүр ме қарындасым, сыпыра қуя беретуғын?

**Майшүкир**—«Қой көрмесек те қый көрдик, ешкили байдың қызы едик» деген, айтпасаңызда билемиз жөнли жерин.

**Улбоған**—(Айтымды көрсетип). Ана кисиге қуй. (Майшүкир Айтымға қарап жүрер).

**Айтым**—Мен қуда емеспен, әпиўайы бир адамман, маған қуйма.

**Палўан**— Ҳақыйқат қуйыңыз, бас қуда усы. (Айтым турады. Таўмурат отырғызады, басындағысын зорлық пенен алып, басып суў қуяды. Үйдиң иши төбелес болады).

Перде түседи.

# IV ПЕРДЕ

## 1-КӨРИНИС.

(Султамураттың қара үйи, бузаў байланып турады. Бурынғы қостан жақсы болған, оңлаған үй. төсек, түрли нәрселер саз. Үйде Мәрьям, Тиллахан сөйлесип отырады. Тиллахан қайғылы ҳалда).

**Мәрьям**—Қапа болмай-ақ қой, бираз малын алып жеп қойдық, бүгин кешке Шәлекелер келеди дейди. Ертең аманлық болса узатамыз, ана үйдеги ала көйлегиңди кийип, шашларыңды жуўып, таранып отыр.

Шәлеке келип, сениң әпшериңди көрип, үркип кетпесин, сөйтип, берген малын қайтып алып сорымызды қайнатар.

**Тиллахан**—Апай, жалғыз перзентиңди қыйып 60 жасар ғаррыға берип отырсаң ғой, сениң айтқаныңды қыламыз гой, неге қылмаймыз?!

**Мәрьям**—Мен барып, мына үйде бауырсақ писирейин, ағаң да ҳәзир келер, сен ана Қатша менен Қансулыўды алып, мына үйлерге таныс, ертең қудай сәтин берсе узатамыз ғой (Шығып кетер).

## 2-КӨРИНИС

**Тиллахан**—(Жалғыз, басын шайқап), Япырмай, неге келмеди, Бүгинги күн ўәдемиз еди ғой. Мениң Шәлеке менен кететуғын күним усы бүгин еди, оның хабары бар еди ғой. Сәлмен-ай қайда кешеги берген ўәдең? Қатшаға тапсырып едим. Қатшасы қурғыр бир жерге кетип қалған ба... (Қосық айтады).

Кетер күним мениң жақын келип тур,
Ўәде берген ярым неге келмеди?
Ўәдели ўақтынан зыят өтип тур,
Не ушын кешикти Сәлмен келмеди?

Шәлеке келеди мени алмаға,
Шыбын жанды қыйынлыққа салмаға,
Мениң байым болып қатын қылмаға,
Келди Шәлеке бай, ярым келмеди.

Ўәдең қайда кетти, Сәлмен гөззалым,
Мен қарайман ишлеримде көп әлем.
Кимнен саған жиберемен мен сәлем,
Көз жасымды көрген ярым келмеди.

## 3-КӨРИНИС

(Султамурат келеди).

**Султамурат**—(Ҳаўлығып). Тилла, анаң қайда, қонақлар келип қалды, мына кийизди бер, төсек төсейик, сен неғып отырсаң, қой бул отырысты үйде, тур кет. Ана адамың келди, алып кетиў ушын (Бир кийизди алып шығып кетер).

## 4-КӨРИНИС

**Тиллахан**—Қай уақта келер екенсең, ай, жаным-ай, залымнан қутқарып аларман деп едиң ғой (Төмен қарап жылап отырады).

## 5-КӨРИНИС

(Қатша келеди).

**Қатша**—Тилла, не қылып отырсаң муңайып?

**Тиллахан**—Ўәдесине келмеди ғой, Шәлеке болса келип қалыпты. Енди қалай қосыламан, қалдым ғой дозаққа мен...

**Қатша**—Бала болма, келеди, асықпа, бизлер менен бирге келеди (Қулағына сыбырлайды). Қыз кийимин кийип келеди (Шығып кетеди).

**Тиллахан**—(Гүңиренип). Жаңа жайына келди ғой жаным.

## 6-КӨРИНИС

**Мәрьям**—(Қолында отыны, асығып). Өйбей, күйеүлер келип қалды, мен мына үйге барып түни менен тамақ писиремен, ал қасыңа бир-еки қыз алып отыр, Шәлеке сени көриў ушын үстиңе келер.

**Тиллахан**—Жақсы апа, ояғына қәтиржам бол, сизлердиң айтқаныңызды қыламан ғой.

**Мәрьям**—Солай болсын, қартайған күнимизде жүзимизди төмен қарата көрме, оның сөзин не қыласаң, несип болып бара қойсаң, сүйиклиси болып кетерсең. Басқаны билмеймен, ана бир муғаллим бе, муғаллақ па, соның өзин журт жаманырақ айтады. Ҳаслы мусылман болса да, шыны кәпирге берилип кеткен қусайды. Сондайдың сөзине ерип, бизлерди масқара етип жүре көр ме?

**Тиллахан**—Апа, көп айта бергеннен маза шыға ма, неге керек сондай ңғызлай бериў. Түсиндик ғой, мақул деген соң болғаны емес пе? Оннан да қонақларыңды жайластырып, тезден атландыр.

**Мәрьям**—Сонда да писирип атырғаным, балалық етип жүре ме, әлле қәйтеди деп. (Унды қолына алып, шығып кетеди).

**Тиллахан**—(әсте жүрип) Өлсем өлейин. Шәлекеге барып қатын болғанша, Сәлмен муғаллимниң айтқанын ислейин, егер оның айтқан сөзи ырас болатуғын болса, мениң көрген күнимди адам бенде көрежақ емес. Бул турмыс, бул әдетлер әдира қалатуғын қусайды—адам екинши дүньяға келгендей болып қалса керек. Қой, не болсам да, усы бүгин Сәлмен муғаллимниң артына ерейин, 60 жасар атамнан үлкен адамға қатын болып өлгенше, орыс болып-ақ кетейин... Япырмай, тез келегойса дағы, усы уаққа дейин неғып иркилди, жаным?

## 7-КӨРИНИС

Үстинде кийими бар, таза турмыс пенен жақсы кийинген. қолында таяғы бар, Сәлмен муғаллим кирер.

**Тиллахан** (Буған қууанып). Келдиң бе, көзим сарғайды ғой. Бүгин мени алып кетиуге бизиң отағасымыз—бай келипти, ана Ийбаттың үйинде. Күйеў етип түсирип, қонақ етип отыр. Ал ендиги ақылыңыз болса айта бериңиз?

**Сәлмен**—Достым, бурыннан айтылып киятырған сөз ғой, сен ҳеш бир уақта Шәлеке байға жылап кетпессең. Ол бастағы кийимнен анық. Бурынғы залымның уақтында ғана еди, жылағанды көрмей, кимниң пулы көп болса, соның сөзи сөз, басқаның сөзи иске аспайтуғын еди. Ҳәзирги заман сендей жылап жүрген, сендей малға сатылған езилиўшилердиң заманы. Минекей қараңыз, мындағы отаўда отырған халықтың бәри де сөйлесип қарасаңыз, бәрине де усы ғана алақандай отаўдан басқа жерде дүнья жоқ. Бул жөнинде сораўшы бар екенин билмейди, соның ушын қай жерге барып жығыларын ойламайды. Биреў узақ түн аўзын аўыртып, бизиң ҳүкиметимиз аўҳалынан, бунның тарийхынан бир нәрсе айтсаң, көбиси уйықлап отырады, өзиң де көрип жүрсең, қудайдың қутлы күни мың мәртебе қақсамайма: жарлы болсаң, батрақ болсаң, орта халлы болсаң, бул ҳүкимет соның ҳүкимети десек, инанбайды. Бирақ сондайда болса, мен ырзаман. Минекей, нәсият арқасында сен өзиң ҳуқық талап етип, мен Шәлеке байға бармайман деп, бүгин мениң менен қашыўға бел

байлап турсаң. Әлбетте, булда сынағаным достым, буған мен көп ырзаман.

**Тиллахан**—Мени алып қашып қалаға барсаң, өзиңе қаладағы үлкенлериң урысып жүрмес пе екең?

**Сәлмен**—Ай, достым-ай, неге урыссын , мен комсомолман, егер усыннан сени Шәлекениң қолына бермей алып барсам, ол ўақытта комсомоллық ўазыйпамды атқарған болып есапланаман, ғам жеме!

**Тиллахан**—Бер қолыңды, бар басымды сениң жолыңа қойдым, ердим, қәнекей, түннен қалсақ, қалып болғанымыз. Ертең азан менен мени узатады, усы бүгин қылар ҳийле болса етип бақ, бир шарасын ет.

**Сәлмен**—Шәлеке келгеннен бермаған сени көремен демеп пе?

**Тиллахан**—Апам бағана, бүгин Шәлеке күйеў сени көрип, қолыңнан шай-суў ишемиз дейди, соған сен кийинип отыр деп еди. Сирә келер күн батыўға зар болып отырған шығар, болмаса ҳәзир-ақ келеди.

**Сәлмен**—Ал, онда Шәлекениң қызығын шығарып, соның көзинше мен сени алып қашайын, сен қара да отыр.

**Тиллахан**—Сен сөйтип жүрип, бир бәлеге шаталып қаларсаң?

**Сәлмен**—Не бәлеси бар, қайта билер, бәле болмас, ал сен мәс болып отыра бер, бирақ сыр берме, ойнапкүлип отыр. Шәлеке сениң үстиңе келген ўақта, мен де тап боларман.

**Тиллахан**—(Қорқып). Өйбей. Шәлекеге көрин бе, сөзи тийип жүре ме, неғып жүрсеңлер...

**Сәлмен**—Ай, достым, ай, наданлық ғой, мәрт бола бер. Ал, мен кетемен, ел жата келермен. Ғам жеме (Шығып кетеди).

## 8-КӨРИНИС

**Тиллахан**—(Ҳайран қалып). Бул қалай батыр адам, мени Шәлекениң көзинше алып қашып кетемен дейди. Инанайын ба? инанбайын ба, мениң бахтым ашылмаған сирә екен, буның сөзинде турақ болмады, әттегенеай, маңлайым-ай, не себепли ашылмадың, қор болыпақ өткениң бе? (Төмен қарап жылап отырады).

## 9-КӨРИНИС

(Арзыхан келеди)

**Арзыхан**—Бийкеш, ҳаў күйеўлер келип тур, төсек салып қой, ҳәзир үйге киреди.

**Тиллахан**—Ҳаў кише, күнниң кеш болып қалғаны ма, күйеў журт жатқан соң келмей ме? Оның бержағында қәдеңизди алып бола қойғаныңыз ба? Мунша неге асығады?

**Арзыхан**—Алар қәдемизди алып болдық, бир топар қызлар үстинен шай-сууын ишип шықты. Той тарқады, ағаң-апаңлар болса, қашшан жатып қалды, енди күйеў менен қызды бир төсекке салып кетейин деп келдим. Рухсат ете ғой, күйеўди көп далада турғызбайық, пайғамбарымыз сыйлаған.

Тиллахан—Қатша қайда? Ол келип отыра ма азырақ?

**Арзыхан**—Күйеў айтып тур. «Тиллаханның өзинен басқа адам болмасын, басқа қатын-қызларды шақырып, отырғызбай-ақ қойсын» деп отыр.

**Тиллахан**—Болмайды, ол не деген сөз, ертең болса, мениң жағдайыма қарамай алып кетер, солай болған соң, бир саат болса да қатар қызым менен сөйлесип отырайын. Жаны шығып баратыр ма, таң узақ, талай уйқыны питкерермиз.

**Арзыхан**—Мен қайтайын онда (Шығып кетеди).

**Тиллахан**—Ай, ығбалым-ай бир саатлық өмирим қалды ғой, неге келмеди Сәлмен?

**Арзыхан**—(Келер). Зордан ырза қылдырдым, күйеў де келе берсин бе?

**Тиллахан**—Келе берсин, бирақ сен Қатшаны шақырып жибер, Тилла келсин деди десең келер, қәдеңди алып болсаң, үйиңе барып жата ғой (Арзыхан шығып кетеди).

## 10-КӨРИНИС

(Ақ сақаллы жақсы кийинген Шәлеке кирер. Тиллахан түргелип төсек салар).

**Шәлеке**—(Геўишин шешип, төрге шығып). Амансыз ба?

**Тиллахан**—(Ишинен). Шүкир.

**Шәлеке**—Бу не ажарыңыз сарғайып кетипти ғой, наўқас емессиз бе?

**Тиллахан**—Науқас болсақ, қатты бийикке асылдық ғой, тәуипке бақтырарсыз дағы.

**Шәлеке**—Анаў-мынаў ауырыўлар айбатымыздан да қашпас па екен? «Қартайса да қаракең шаншар» деген нақыл бар ғой (қомпаңлап отырар, жамбаслап жата баслар, қызға қолын салар. Тиллахан қашыңқырап отырар).

**Шәлеке**—Неге қашасыз, бизиң адам көрмейтуғын мақаўымыз жоқ.

**Тиллахан**—«Сүп демей атып нешик болды» деген екен, асықпаңыз. «Сабыр түби сары алтын, сарғайған жетер муратқа» деген ғой.

**Шәлеке**—(Отырып, және қолын созар).

## 11-КӨРИНИС

(Қатша, Сәлмен қыз кийимин кийинип келер. Тиллахан Сәлменди танымас. Қызлар күйеў менен көриссер, күйеў орнынан турар).

**Қатша**—Сабыр жезде, сабыр (Шәлеке отырар).

**Шәлеке**—Амансыз ба балдызларым.?

**Қызлар**—Шүкир, шүкир.

**Тиллахан**—Неге кешиктиң заманлас, мен болсам кетейин деп атырман.

**Қатша**—Мына бир қонақ келип еди, соған шай-суў берип иркилип қалдым.

**Тиллахан**—Қонақ не қылады, бир заман келип отырғанда?

**Шәлеке**—Балдызларым сөйлеп отырын.

**Қатша**—Не сөйлеп отырайық, сизден болады дағы, жезде.

**Шәлеке**—Бизде не сөз болсын, бүгин қатты шаршап уйқым келип отыр, сөз болса ертең сөйлесермиз. Қайта бериңиз сизлер.

**Қатша**—Хаў жезде, зордан-ақ отыр екенсиз ғой, ал онда қайтайық. (Сәлмен, Қатша шығып кетер, Тиллахан қапа болып отырады.).

**Шәлеке**—(Аяғын узатып). Мәсимди шеш!

**Тиллахан**—Усы ўақтан ба, бир азырақ сабыр етип турыңыз.

**Шәлеке**—Не сабыр бар, 50 туўар мал берген киси бүгин мында келип отыр. Не өзиңниң сампылдап отырғаның? Тур, төсек сал. (Тиллахан үндемейди).

**Шәлеке**—(Турып қолынан тартып, қатты даўыс пенен). Сал төсекти тезден. (Тиллә үндемес, Шәлекеге қатты даўыс пенен). Саласаң ба, жоқ па? Соңынан қушақлап турғанында Сәлмен қыз кийимин кийип келеди.

## 12-КӨРИНИС

**Шәлеке**—Ҳәй, балдызым, неге келдиң бийўақ, сен де жезденди көриўге ҳәўес болып келдиң бе?

**Сәлмен**—(Үстиндеги қыз кийимин тезден шешип таслап, еркек формасында болып, наганын суўырып алып). Ҳә келши, залым. Қәне турған жериңде не қылайын?

**Шәлеке**—(Тула бойы қалтырап). Ўай-ўай, не қылсаң өзиң бил, шырағым. (Тиллахан жуўырып Сәлменниң мойнынан қушақлайды, Шәлеке қайымын таўып қашып шығып кетеди).

## 13-КӨРИНИС

**Сәлмен**—Қолыңды бер, бағана келмес деп қорқып атыр едиң, жүр, теңин тапқан қыз бенен жигитти қорғаўшы суд алдына барып, қағаз алып ЗАГС тен өтип, дәўран сүрейик (Шығып кетеди).

Перде түседи

## V-ПЕРДЕ

## 1-КӨРИНИС

(Сахна ашылғанда кеңсе түри көринеди, еки стол, қызыл жайған. 7-бөлим халық суды кеңсеси ашылады, судья, хаткер отырады).

**Судья**—Кешеги ҳүким карарды питкердиңиз бе?

**Хаткер** —Ҳәзир таяр болайын деп тур.

## 2-КӨРИНИС

(Султамурат, Шәлеке, Таўмурат жетеклесип, қолында арза кирип келер).

**Султамурат**—Арзымыз бар, тақсыр қабыл етиңиз!

**Судья**—(Қолындағы арзасын алып оқып көрип). Аўызеки айтып бериң.

**Султамурат**—Бир қызым бар еди, тақсыр сол қызымды узатайын деп атыр едим, ауылымыздағы муғаллим қорқытып, улы-шауқым ғауға етип тартып алып кетти.

**Судья**—Қызыңды кимге берип қойып един?

**Султамурат**—(Шәлекени көрсетип·. Мына кисиниң баласына берип қойып едим.

**Шәлеке**—Дурыс тақсыр, балама алып қойып едим.

**Судья**—Ол қайсы муғаллим екен?

**Султамурат**—Сәлмен дейди ғой, орысша кийинген, бирақ ҳаслы мусылман, өр-көкирек жаман екен тақсыр.

**Судья**—(Хаткерге қарап). Шақырыў керек Сәлменди.

**Хаткер**—Сәлмен Қулым улы болса, Тиллахан Султамурат қызы деген менен екеўиниң арзасы бар, бағана сиз ҳүким қарарында отырғанда алып келип берген, еле де усыманда жүрген шығар, мен қарап жуўабын берейин. Сизге (Есик бетке шығып, қайтып келер).

**Хаткер**—Айттым, ҳәзир келейин деп, есикте отыр екен.

## 3-КӨРИНИС

(Сәлмен, Тиллахан екеўи таза турмысша, жақсы кийинген, кеңсеге кирип келеди).

**Судья**—Сәлмен деген сиз бе?

**Сәлмен** —Аўа биз.

**Судья**—Султамураттың қызын алып қашып келдиң бе?

**Сәлмен**—Аўа, алып қашып, мине сизиң алдыңызға алып келип отырман, арзам да бар, бағана хаткериңизге берип едим, соннан алып көриңиз.

**Судья**—(Хаткерге). Арзасын алып бер, көрейин. (Хаткер алып берер).

**Судья**—(Оқып көрип, Султамуратқа қарап). Шәлеке деген қайсы киси?

**Султамурат**—Мынаў қасымдағы киси.

**Шәлеке**—Ҳим... (Неге айтты дегендей қорқып, қозғалып қояды).

**Судья**—Жаңа қызды бул кисиниң баласына берип едим деп едиңиз ғой, мыналардың арзасында Шәлеке байға көп малға жылатып сатып атырған жеринен алып қашып келдим, деп отыр ғой...

**Шәлеке**—Жоқ тақсыр мен балама алып едим, олла балама алып едим.

**Сәлмен**—Ҳа залым, өтирик сөйлеме, Тиллаханға тезден төсек сал, бир талай мал бердим деп айтпадың ба?

**Шәлеке**—Қашан, қашан?

**Судья**—(Султамуартқа қарап). Сен ырасыңды айт, егер өтирик айтсаңыз гүналы боласыз.

**Султамурат**—(Қарап). Қәйдем, қәйдем. (Шәлеке дым айтпа дегендей етер).

**Судья**—(Шәлекеге қарап). Сен далаға шығып тур, бираздан соң келерсең.

**Шәлеке**—Жоқ тақсыр, әдил судсыз, бәршемиз бирге турайық, көз алдымызда айта бериң мен шықпайман тақсыр.

**Судья**—(Султамуратқа қарап). Қанша малыңыз бар, ырасыңды сөйле?

**Султамурат**—Балықшыман тақсыр, нәрсе жоқ еди. қызымнан алған 3-4 қарамалым бар, бурын маңлайымызға ақ шашырамаған еди.

**Шәлеке**—Ҳәй, ол малда кисиники, тек сизден қорқып сасып турыпты тақсыр.

**Судья**—Сизиң исиңиз болмасын, дилмашлық етпеңиз. (Султамуратқа қарап), үш жыл тюрьмаға түскениңизди жақсы көресиз бе, яки ырасыңызды айтасыз ба?

**Султамурат**—Тюрьма деген не, тақсыр?

**Судья**—Тюрьма деген қараңғы үй болады, гүналы адамды салып қояды.

**Султамурат**—Уай-уай тақсыр, тюрьмасы қурығай, ырасымды айтаман.

**Судья**—Ырасыңызды айтсаңыз, қызыңызды кимге берип қойдыңыз?

**Султамурат**—(Шәлекени көрсетип) Тап мына адамға берип едим тақсыр, узатайын деп атырғанда мына бала алып қашып кетипти.

**Судья**—(Шәлекеге қарап) Ырас па?

**Шәлеке**—Ондай емес (Төмен қарар).

**Судья**—(Қызға қарап) Сен мында ким менен келдиң?

**Тиллахан**—Мен мынау қасымдағы жигит пенен келдим.

**Судья**—Қалай келдиң?

**Тиллахан**—Қәлеп, өмирлик жолдаслыққа ерип келдим.

**Судья**—(Нызамды көрип отырып) Сәлмен жолдас, сиз ҳәм қәлеп алдыңыз ба?

**Сәлмен**—Аўа, қәлеп, алдым., қорлықтан қутқарыўға себеп болдым, енди маған өмирлик дос етиўге рухсат бериңиз, мынадай залым байлардың жазасын бериңиз!

**Судья**—(Султамуратқа) Сиз енди кете бериңиз, бир мәртебе гүнаңызды өтемиз. Себеби сиз жүдә қаллаш екенсиз,қаллашлық себебинен сизге рухсат, (Шәлекеге) Сиз Таўмурат екеуиңиз босатылмайсыз. (Сәлменге қарап,) Сиз, Тиллахан екеўиңиз әдил нызамның арқасында өмирликке бахытлы өмир сүриңизлер. (Хаткерге қарап). Мыналарды милиция, менен тюрьмаға жөнелт.

*Хаткер*—(Милицияға) Жолдас милиция, мына Таўмурат пенен Шәлекени айдап алып барып, тюрьмаға тапсырыңыз.

**Перде**